# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस भर में आजु उत्तर प्रदेश स्थापना दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में देस क उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ हिस्सा लिहलें। उहां के अपने सम्बोधन में देस अउर प्रदेस में हो रहल विकास कार्यन क चरचा कइलीं अउर कहलीं कि एगो समय रहे जब उत्तर प्रदेस बिमारू राज्य के रूप में जानल जात रहे। आजु एहवां एक सौ अस्सी डिगिरी बदलाव देखे के मिलि रहल हौ।

***देश में बड़ा बदलाव आया है। विशेष कॉरिडोर ने ये कारनामे दिखायें पच्चीस हजार करोड़ का निवेश और सात वर्षो में निर्यात दुगुना हो गया। मै नहीं कहना चाहता विस्तार से कहा जा चुका है एयरपोर्ट की संख्या बढ़ रही है मेट्रो सिटीज की संख्या बढ़ रही है। आगरा भी होने वाला है जल्दी और यही कालखण्ड है उपरवाला भी तय करता है एक सौ चालीस वर्ष से ज्यादा के बाद प्रयागराज में जो आज हो रहा है पूरा विश्व आश्चर्यचकित है***

उपराष्ट्रपति येह मौका पर कई क्षेत्रन में उत्कृष्ट परदरसन करे वाले प्रदेस के छौ लोगिन के उत्तर प्रदेश गौरव सम्मान प्रदान कइलीं।सम्मानित होखे वालन में बनारस क कृष्णकांत शुक्ल, वृंदावन मथुरा क हिमांशु गुप्ता, कानपुर क मनीष वर्मा, बहराइच क डॉ जय सिंह, बुलंदशहर क कृष्णा यादव अउर कर्नल सुभाष देशवाल सामिल हवें।

येह मोका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के उत्तर प्रदेस स्थापना दिवस क बधाई देत कहलें कि ई बरिस हमनी के खातिर बहुते खास हौ। प्रयागराज के धरती पर येह सदी क पहिला महाकुंभ सुरू हो चुकल हौ। पछिला दस दिन के अन्दर देस अउर दुनिया से आइल दस करोड़ से बेसी सरधालु संगम में डुबकी लगवले हवें।

एहसे पहिले प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उपराष्ट्रपति के प्रदेस में अइले पर स्वागत कइलीं। उपराष्ट्रपति क पत्नी सुदेश धनखड़ो येह मौका पर मौजूद रहलिनि।

**********

प्रयागराज महाकुम्भनगर में अग्निसमन विभाग अगिलग्गी क घटना के रोके बदे अभियान चला रहल हौ। येही क्रम में ओइजा जब्त कइल गइल अनधिकृत सिलिण्डर से **सुरक्षा अमृत कलश** बनावल जाई। एगो रिपोर्ट–

***महाकुम्भ मेला क्षेत्र में आगजनी की घटना के बाद संपूर्ण मेला क्षेत्र में अग्निशमन विभाग दुबारा ऐसी घटना न हो इसको लेकर व्यापक जागरूकता अभियान चलाया जा रहा है। साथ ही मेला क्षेत्र में प्रयोग हो रहे छोटे अनाधिकृत ऐसे 250 से अधिक गैस सिलेंडरों को जब्त किया गया है । मुख्य अग्निशमन अधिकारी प्रमोद शर्मा के द्वारा दी गई जानकारी के मुताबिक इन सिलेंडरों को ध्वस्त किया जाएगा और इनसे एक कलाकृति सुरक्षा अमृत कलश बनाया जाएगा। प्रवीण मिश्र आकाशवाणी समाचार महाकुंभ नगर प्रयागराज।***

**********

बनारस में पनरह फरौरी से चउबीस फरौरी ले काशी तमिल संगमम के तिसरका फेरा क आयोजन होई। येह दौरान कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जइहें। दुन्नो प्रदेस क विद्यार्थी नमो घाट पर एकेडमिक अउर सांस्कृतिक कार्यक्रम में हिस्सा लीहें। केन्द्र सरकार कै सिक्षा मंत्रालय में अपर सचिव सुनील कुमार बरनवाल आजु बनारस जिला प्रसासन के साथे बइठकी कइ के काशी–तमिल संगमम के तइयारियन क समीक्षा कइलें। उहां के निरदेस दिहलीं कि आयोजन के दौरान अतिथियन क सुरक्षा, चिकित्सकीय व्यवस्था अउर साफ–सफाई क उचित प्रबंध सुनिस्चित कइल जाई। काशी–तमिल संगमम क आयोजन भारत सरकार के सिक्षा मंत्रालय के ओरि से संस्कृति, कपड़ा, रेलवे, पर्यटन, खाद्य प्रसंस्करण, सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय आ उत्तर प्रदेस सरकार के सहजोग से कइल जा रहल हौ। येह कार्यक्रम क उद्देस्य दुन्नो प्रदेसन क लोगिन के उनके कला, संस्कृति अउर साहित्य से परिचित करावल हौ।

**********

मिल्कीपुर विधानसभा सीटि क उपचुनाव के ले के परचार जोरिया गइल हौ। भारतीय जनता पारटी क सीनियर नेता अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदितयनाथ आजु ओइजा भाजपा ओम्मेदवार चन्द्रभानु पासवान के पक्ष में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि मिल्कीपुर उपचुनाव क सनेसा के अजोध्या धाम के सनेसा में बदले के हौ। मिल्कीपुर विधानसभा सीटि के उपचुनाव में समाजवादी पारटी अजोध्या क सांसद अवधेश प्रसाद के लइका अजीत प्रसाद के ओम्मेदवार बनवले हौ।

**********

रेल राज्य मंत्री वी सोमन्ना आजु बनारस रेल इंजन कारखाना बरेका के दौरा कइलें। येह दौरान उहां के बरेका क नवाचार, लोको उत्पादन क्षमता अउर वैस्विक जोगदान क सराहना कइलीं। कारखाना भ्रमण के दौरान श्री सोमन्ना लोको फ्रेम सॉप, लोको असेम्बली सॉप, ट्रैक्सन असेम्बली सॉप, ट्रक मसीनि अउर लोको टेस्ट सॉप क निरीक्षण कइ के जनकारी लिहलीं।

**********